दिन–रविवार दिनांक–10.05.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक अध्यक्षता मे आइ कानून व्यवस्था पर एक उच्च स्तरीय बैसक भेल। एहि मे मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत आओर पुलिस महानिदेशक विनय कुमार सेहो छलाह।

---

सम्राट सरकार पुलिस विभाग आओर प्रशासनिक विभाग में पैघ स्तर पर बदलि कयलक अछि। गृह विभाग द्वारा जारी अधिसूचनाक अनुसार सुधांशु कुमार के एडीजी विधि–व्यवस्था आओर विकास वैभव के मगध क्षेत्रक आईजी बनाओल गेल अछि। ओतहि, नैयर हसनैन खान के बिहार विशेष सशस्त्र पुलिसक जिम्मेदारी देल गेल अछि। निर्मल कुमार आजाद के पुलिस महानिदेशक, प्रशिक्षणक जिम्मेदारी सौंपल गेल अछि। मद्य–निषेध आ राज्य स्वापक नियंत्रण ब्यूरोक एडीजी डॉक्टर अमित कुमार जैन के आर्थिक अपराध इकाईक एडीजी बनाओल गेल अछि। चर्चित आईपीएस अधिकारी अमित लोढ़ा के एडीजी तकनीकी सेवा आ संचार बनाओल गेल अछि। एम्हर, सामान्य प्रशासन विभाग दिस सँ जारी अधिसूचनाक अनुसार वरिष्ठ आईएस अधिकारी आनंद किशोर के वित्त विभागक अपर मुख्य सचिवक अतिरिक्त पदभार सँ मुक्त कऽ देल गेल अछिं। ओ अखन बिहार विद्यालय परीक्षा समितिक अध्यक्षक रूप मे अपन काज करैत रहताह। एच.आर श्रीनिवास के समाज कल्याण विभागक अपर मुख्य सचिव बनाओल गेल अछि, संतोष कुमार मल के आपदा प्रबंधन विभागक प्रधान सचिव बनाओल गेल अछि। ओतहि, कुमार रवि के स्वास्थ्य विभाग नव सचिव बनाओल गेल अछि। लोकेश कुमार सिंह के पर्यटन विभाग सचिव, अजय यादव के ऊर्जा विभाग, संजय कुमार सिंह के वित्त विभागक सचिव, प्रणव कुमार के भवन निर्माण विभागक सचिव आओर चंद्रशेखर सिंह के जलसंसाधन विभागक सचिव बनाओल गेल अछि।

---

बिहार पुलिस मे पंद्रह हजार सँ बेसी पद पर विशेष सहायक पुलिस, सैपक अनुबंध पर बहाली कयल जायत। ई काज एक जून सँ शुरू होयत। पुलिस मुख्यालय जवान सभक भर्ती लेल पटना जिलाक दानापुर कैन्टक सेवा रोजगार कल्याण संगठन के नोडल इकाई बनौलक अछि। पुलिस मुख्यालयक अनुसार भर्ती मे शामिल होयबाक लेल अभ्यर्थी सभ के बिहारक स्थायी निवासी होयब अनिवार्य अछि।

———————————————————————————

राज्य निर्वाचन आयोग पंचायत चुनाव लेल प्रकाशित प्रारूप प्रपत्र–एक पर आपत्ति दर्ज करबाक अंतिम तिथि अठारह मई जनौलक अछि। अयोगक अनुसार आपत्तिक निपटरा सँ असंतुष्ट रहला पर अपील वाद दाखिल कयल जा सकैत अछि। ई अपीलक निपटारा सेहो सात दिन मे कऽ देल जायत। ओतहि, प्रारूप–एकक अंतिम प्रकाशन पंद्रह जून कऽ कयल जायत।

———————————————————————————

राज्य मे पुल सुरक्षा आओर रख–रखाब मे अनियमितताक मामिला मे इंजिनियर आओर ओहि सँ जुड़ल अधिकारी सभ पर कार्रवाई कयल जायत। पथ निर्माण सचिव पंकज कुमार पाल जनौलनि जे पुलक गुणवत्ता आओर सुरक्षाक संग समझौता नहि कयल जायत। ओ राज्यमार्गक देख–रेख करयवला संस्था सभ के पुलक सुरक्षा ऑडिट करबाक लेल जनौलनि अछि।

———————————————————————————

बिहार विधान परिषदक खाली भऽ रहल नओ सीट के लऽकऽ राजनीतिक सरगर्मी बढ़ि गेल अछि। अठाईस जून कऽ खाली भऽ रहल ई सभ सीट लेल एहि मासम अंत धरि चुनाव आयोग दिस सँ चुनावक तारीखक घोषण कयल जा सकैत अछि। एनडीए सँ नीतीश कुमारक पुत्र निशांत कुमार आओर उपेन्द्र कुशवाहाक पुत्र दिपक प्रकाशक परिषद सदस्य बनब तय मानल जा रहल अछि। विधान परिषदक खाली होयवला नओ सीट मे जदयूक सभ सँ बेसी चारि सदस्यक कार्यकाल पूरा भऽ रहल अछि। ओतहि, बीजेपी आओर राजद कोटा सँ दू–दू सीट खाली भऽ रहल अछि। ओतहि, कांग्रेसक एक सदस्यक कार्यकाल पूरा भऽ रहल अछि। जदयू सँ जाहि नेता सभक कार्यकाल समाप्त भऽ रहल अछि, ओहि मे गुलाम गौस, भीष्म सहनी, कुमूद वर्मा आओर भगवान सिंह कुशवाहा छथि। ओतहि, राजद सँ मोहम्मद फारूक आओर सुनिल कुमारक कार्यकाल पूरा भऽ रहल अछि। भाजपा सँ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी

आओर संजय मयूखक सीट खाली भऽ रहल अछि। जखनकि, कांग्रेस सँ समीर कुमार सिंहक कार्यकाल पूरा भऽ रहल अछि।

———————————————————————————

बिहार राज्य पर्यटन विकास निगम लिमिटेड मधुबनी जिलाक हरलाखी प्रखंडक विश्वामित्र स्थान आओर कल्याणेश्वर महादेव मंदिरक विकास काज लेल टेंडर जारी कऽ देलक अछि। जिलाधिकारी आनंद शर्मा जनौलनि जे दुनू स्थलक सौंदर्यीकरण आ आधुनिक पर्यटन सुविधाक विकास सँ जिला मे पर्यटकक आवाजाही बढ़त।

———————————————————————————

गुजरातक सोमनाथ मंदिर मे अमृत पर्व पर हर्षोल्लास आ उत्साहक माहौल बनल अछि। भगवान शिव सँ जुड़ल बारह ज्योतिर्लिंग आस्था आओर श्रद्धाक विशेष केन्द्र अछि आओर ओहि मे सोमनाथ पहिल ज्यातिर्लिंग अछि। अमृत पर्व पर पुननिर्मित सोमनाथ मंदिरक शिखर के एगारह तीर्थ स्थलक जल सँ अभिषेक कयल जायत। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक सोझा मे काल्हि ध्वजपूजा आओर महापूजा कयल जायत।

———————————————————————————

पश्चिमी विक्षोक असरि सँ प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे अन्हर–बिहारिक स्थिति बनल अछि। मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटाक बिच सीमांचलक क्षेत्र सहित राज्यक उत्तर–पश्चिम आओर दक्षिण–पूर्व भाग मे तेज हवाक संग मेघगर्जनक येलो अलर्ट जारी कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त